

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda di Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut ngawengku asal-usul jeung kamekaran tradisi seni penca silat oray, prak-prakan anu aya tradisi seni penca silat oray, properti, waditra, pakéan anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray, jeung ngeunaan parobahaan anu aya dina tradisi seni penca silat oray.

Di paguron Sinar Raksa Muda tadina mah seni penca silat biasa jeung kasenian réog oray. Ayeuna mah geus jadi tradisi menca silatna maké oray. Lantaran properti anu dipakéna oray, hal éta anu ngabédakeun jeung seni penca silat anu séjén. Ayeuna geus katelah yén seni penca silat oray téh ti paguron Sinar Raksa Muda Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut. Pa Kiri téh pupuhu réog oray, anu boga akal menca silat maké oray. Anu mimiti mintonkeun penca silat oray nyaéta Abah Engkun.

Dina tradisi seni penca silat oray aya prak-prakan latihan seni penca silat oray, ngala oray, jeung ngaleupaskeun deui oray ka alam. Prak-prakan anu aya dina tradisi seni penca silat oray jaman kiwari geus euweuh ritual husus, siga jaman bihari anu ngagunakeun menyan jeung sasajén pikeun ngadua. Dina prak-prakan jaman kiwari henteu matok sagemblengna kudu saluyu jeung tradisi jaman bihari.

Katitén dina properti, waditra jeung pakéan dina seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda bédana jeung jaman bihari. Tadina mah menca silatna teu maké properti, kiwari mah maké properti oray. Waditra anu dipaké dina tradisi penca silat oray teu saukur waditra anu aya dina kendang penca hungkul, tapi katambahan ku waditra tina réog oray, nyaéta angklung jeung dogdog. Pakéan anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray nyaéta pakéan pangsi jeung pakéan rarawisan siga urang Dayak. Pakéan pangsi ilaharna sarua jeung anu dipaké dina penca silat séjén. Jaman kiwari anu maké pangsi, sok ditambahan maké kantong

leutik anu diasupkeun kana jero pangsi. Fungsi kantong téh pikeun nunda oray supaya teu kaluar tina pangsi. Ari pakéan rarawisan siga urang Dayak geus loba parobahan ti jaman bihari nepi ka jaman kiwari, bahan anu dipakéna leuwih modérn. Ku sabab, pangaweruh anu leuwih lega dina bidang kasehatan, dipahing pikeun mulas awak sangkan hideung. Pulasan éta bisa nyieun iritasi kulit. Tuluy bahan pulasanna diganti ku saripohaci jeung lipstick anu leuwih modern jeung aman pikeun kulit anu menca.

Kaasup dina tradisi nurunkeun seni penca silat oray ogé ngalaman parobahan. Jaman bihari mah aya sarat husus dina tradisi nurunkeun seni penca silat oray. Pa Kiri maréntah Abah Engkun puasa mutih. Lamun sanggup puasa mutih, Abah Engkun diangkat jadi pupuhu jeung dianggap sanggup mingpin seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda. Di jaman kiwari mah nurutkeun ti Abah Engkun ka Pa Agus euweuh sarat husus, ngan ukur ngaliwatan amat saméméh Abah Engkun pupus.

Jadi, tina hasil panalungtikan ieu kapanggih ayana parobahan dina (1) aspék kapercayaan jeung ritual; (2) aspék properti; (3) aspék pakéan; jeung (4) aspék tradisi nurunkeun seni penca silat oray. Penca silat oray geus ngalaman sababaraha parobahan ti jaman bihari nepi ka jaman kiwari. Ku lantaran ayana revitalisasi, anu geus teu mentingkeun deui naon waé anu kudu dilaksanakeun, anu penting pintonan seni penca silat oray bisa ngirut panonton jaman kiwari. Salian waktu pintonan leuwih heureut, aya hal-hal anu ditambahan, dikurangan, atawa dileungitkeun. Tradisi seni penca silat oray kudu nuturkeun jaman, sangkan generasi anyar kairut. Lamun generasi anyar geus kairut bakal aya generasi anu neruskeun tradisi seni penca silat oray.

## 5.2 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan ngeunaan tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda, Kecamatan Samarang, Kabupatén Garut masih loba kénéh kakurangan. Kusabab, ieu panalungtikan museur kana sababaraha hal. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan hal-hal anu séjén dina tradisi seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda.

Panalungtikan saméméhna aya panalungtikan ngeunaan pewarisan seni penca silat oray di paguron Sinar Raksa Muda. Hal séjén anu bisa ditalungtik nyaéta ajén éstétika anu aya dina seni penca silat oray, jurus-jurus dina seni penca silat oray, musik atawa lagu anu dipaké dina tradisi seni penca silat oray, jeung masih loba kénéh hal séjén anu perlu ditalungtik.